



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Se yon jou ki difisil anpil pou Vil New York.

Mwen revize avèk atansyon akizasyon Depatman Jistis (Department of Justice, DOJ) Etazini te pibliye a. Akizasyon sa a se dènye nan yon seri evènman enkyetan ki, yon fason apwopriye, te kontribiye pou kreye yon santiman malèz pami plizyè Nouyòkè.

Sistèm jidisyè nou an baze sou prensip fondamantal ke yo prezime nou tout inosan jiskaske nou pwouve kontrè a. Poutan, sa yo pami nou ki te chwazi yon karyè nan biwo eli yo konnen ke nou soumèt a yon nòm ki pi wo. Sa a totalman apwopriye lè n pran an kont responsabilite nou genyen kòm fonksyonè piblik.

Nouyokè yo merite konnen ke gouvènman minisipal yo ap travay avèk efikasite, etik ak nan pi bon enterè pèp la – redui krim, edike timoun nou yo epi asire sèvis debaz vil la ap kontinye san kanpe. Kounye a sa depann de Majistra Adams pou montre Vil la ke li kapab dirije nan fason sa a.

Objektif mwen se pou pwoteje abitan New York epi asire estabilite nan Vil la. Pandan m ap revize opsyon ak obligasyon mwen yo antanke Gouvènè New York, mwen espere ke Majistra a pran lòt jou k ap vini yo pou l revize sitiyasyon an epi jwenn yon chemen apwopriye pou asire ke lidè yo ap byen sèvi abitan nan Vil New York yo. Nou dwe bay Nouyokè yo asirans ke gen lidèchip ki estab, responsab nan tout nivo nan gouvènman an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)